

Pou plis infòmasyon, visite:

www.wicomicohealth.org

Oubyen

www.cdc.gov/flu



**Depatman Sante nan
Zòn Wicomico**

108 East Main Street
Salisbury, MD 21801
(410) 749-1244

www.wicomicohealth.org

**Chache swen medical
ijans si ou vin malade
e ou santi nimpòt
nan sentòm sa yo:**

GRANMOUN:

- Difikilte pou pran souf oubyen ou santi souf ou ap koupe.
- Doulè oubyen presyon nan lestomak ou oubyen nan vant ou.
- Tèt vire
- Ou santi ou egare.
- W ap vomi sévèman epi souvan.

TIMOUN:

- Si l ap pran souf vit oubyen li gen pwoblem pran souf
- Si po l toune ble
- Si l pap bwe ase likid
- Si l pa ka leve oubyen li pa vle jwe avèk lòt
- Si l si tèlman irité li pa vle moun kinbe l.
- Si sentòm grip la rete epi li toune ankò avèk lafièv e movè tous
- Si l gin lafièv avèk gratèl

**Grip Kochon
Tip A- H1N1**

**Konsèy Pou
Evite l**



*Infòmasyon sa soti nan
Depatman Sante nan
Zòn Wicomico*

www.wicomicohealth.org

KÈSYON KI POSE SOUVAN

Kisa ki Grip tip A (H1N1)?

Grip la (H1N1) se yon maladi virus respiratwa, ki gen sentòm ki semble avèk lafièw sezon yo.

Eske li kontajye? Ki jan li simaye?

Centre ki kontrole maladi (CDC) deja determine ke virus la kontajye e ke lap simaye de pèsan en pèsan lè y ap touse, etènye, oubyen lè yon moun manyin yon bagay ki gin virus grip la e li manyin bouch li oubyen nen li.

Ki siy e sentòm li?

Sentòm yo se lafièw, touse, kò fè mal, gòj fè mal, kò fè mal, tèt fè mal, frison, e fatig. Gen moun ki kòn gen dyare e vomisman. Mem jan ak lafièw sézon yo, grip tip A (H1N1) kapab agrave kondisyon medical kronik.

Eske gen medikaman pou trete Grip tip A (H1N1)?

CDC a rekòmande pou yo sèvi avèk medikaman antivirus kòm trètman l oubyen pou evite virus la. Medikaman ap travay pi byen si ou komanse pran l anvan 2 jou pase depi ke ou komanse santi sentòm yo.

Konbyen tan yon moun ki enfekte kapab simaye enfeksyon an bay lòt moun?

Moun ki enfekte avèk Grip tip A (H1N1) ta dwe konsidere kòm kontajye tout otan ke yap montre sentòm maladi a e posibman jiska 7 jou aprè yo komansè montre sentòm. Timoun, espesyalman timoun piti yo, kapab kontajye pou plis tan.

Eske mwen kapab pran Grip tip A (H1N1) oubyen Grip Kochon an nan manje ak nan prepare vian kochon?

Non. Virus grip kochon an pa simaye nan manje. Vian kochon ki byen prepare, e ki byen kwit san danje.

Jis nan ki pwen eske enfeksyon Grip tip A (H1N1) an li serye ?

Mem jan ak lafièw sezon a, enfeksyon yo kapab varye nan fason yo sevè. Gadé sye avètisman ki deyè feyè sa pou instriksyon ki pral gide w pou vwe kilè w dwe chache èd mèdikal ijans.

Ki sa mwen dwe fè pou mwen evite grip la ?

Lave men ou e eseye rete nan bon santé. Dòmi ase, rete aktif fizikman, kontrole stress ou, bwe anpil likid et manje bon jan manje.

Kisa ou ka fè pou ou pwoteje tèt ou ?

- ✓ *Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon mouchwa lè ou touse oubyen ou etenye. Jete mouchwa a nan fatra aprè ou fin sèvi avèk li.*
- ✓ *Lave men ou souvan avèk savòn ak dlò, espesyalman lè ou touse oubyen ou etenye. Toujou lavé men ou pou omwens 15 a 20 segond. Netwayan ki gen baz alkol yo efikas tou.*
- ✓ *Evite touche je w, nen w, oubyen bouch ou.*
- ✓ *Evite kontak prè avèk moun ki malad.*
- ✓ *Si ou rivé vin malad avèk grip la, rete lakay ou, pa ale nan travay, pa ale lékol e limite kontak ou avèk lòt moun pou pa simaye enfeksyon sa a.*

